**МУ «Отдел образования Ножай-Юртовского муниципального района»**
**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА С. ГАНСОЛЧУ»**
**(МБОУ «СОШ с. Гансолчу»)**


Джабаев
Зелимха
Баудинович

Подписано: Джабаев Зелимха Баудинович
DN: cn=Джабаев Зелимха Баудинович,
c=RU, o=МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
"СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ
ШКОЛА С.ГАНСОЛЧУ",
email=soshgansolchu@mail.ru
Дата: 2023.03.10 11:50:24 +03'00'


**МУ «Нажи-Йуьртан муниципальни кIоштан дешаран урхалла»**
**Муниципальни бюджетни йукъардешаран хьукмат**
**«ГIАНСОЛЧУ ЙУЬРТАН ЙУККЪЕРА ЙУКЪАРДЕШАРАН ИШКОЛ»**
**(МБОУ «ГIансолчу йуьртан йуккъера йукъардешаран ишкол»)**

| | |
|---|---|
| Рассмотрено: | Согласовано: |
| На заседании МО гум. цикла: | Зам директора по УВР |
| ____________ | |
| ____________________ | __________________ |
| Протокол №____ | |
| от «_____»___ _____2022г. | «___»_________2022г. |

.

# Фонд оценочных средств по чеченскому языку и литературе

# 5-6 классах

**2022-2023 учебный год.**
**с. Гансолчу**
**2022 г.**

**Составитель: Инуркаева П.Р.**

**учитель чеченского языка и литературы**

# V-VI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**
**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**
**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**
**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларъеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.
**«4» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, юха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.
**«3» дуьллу:**
1амийна материал, г1алаташ деш, юьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцуш ца хилахь.
**«2» дуьллу:**
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.
Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**V-VI классийн дешархойн диктантийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъехь.**

**1.**Диктантехь орфографчески а¸ пунктуационни а г1алаташ къаьст- къаьстина лору¸ оценка юкъара юьллу.

**2.**Диктантана **«5»** дуьллу¸нагахь цхьа а орфографически г1алат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни г1алат ца хилахь.

**3.«4»** дуьллу¸кхааннал сов орфографически а¸щиннал сов пунктуационни а г1алат ц хилахь(я шиъ орфографичесски¸кхоъ пунктуационни г1алат хилахь).

**4 «3»** дуьллу¸ялханнал сов орфографически а¸пхеаннал сов пунктуационни а г1алат ц хилахь (я 5 орфографически¸ 5 пунктуацонни а г1алаташ хилахь).

**5. «2»** дуьллу¸ иттанал сов орфографически а¸ пхеаннал сов пунктуационни а (я барх1аннал сов орфографически а¸ ворх1аннал сов пунктуационни а) г1алаташ ц хилахь.

**6. «1»** дуьллу¸ нагахь **2** дуьллучул г1алаташ сов хилахь.

**Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза¸орфографически а¸ пунктуационни а¸ муьлхха а бакъо талхош¸диктант язъялле оццу классехь я цул лахарчу классашкахь 1амийначух иза хилахь.Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь( нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина оценка цхьана баллана лаг1йо иштта оцена «5» ца дуьллу¸диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:**

**1**.Программехь йоцу я 1амийна йоцу орфографин а, пунктуацин а бакъонаш талхош долу г1алаташ (масала, v-чу классехь хандешан карарчу а, яханчу а хенийн чаккхенаш нийсаязъяр, спряженешкахь хандешнийн нийсаяздар, подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире йиллар-цайиллар ца 1амадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь ю).

**2**.Тилкхаздаьлла г1алат (описка) лору, масала, белхало хила дезачохь белхано яздинехь, 1уьйре хила дезачохь 1уьйле яздинехь.

**3**.Нохчийн маттахь зевне мукъаза **й** (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йог1у (ег1у), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь.

**4**.Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала: исс – иссалг1а – уьссалг1а, итт – итталг1а – уьтталг1а.

**5**.Къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: пайдаэцар – пайда эцар, нийсаяздар – нийса яздар, г1одар – г1о дар и. д1. кх.

**6**.Дешнашкахь дифтонгаш язъяр: къега – къиэга, терса – тиэрса, оза – уоза, еха – йиэха, и. д1. кх.

**7**.Ц1ердешнийн къовсаме яздар: стогалла – стагалла, мох – мохан – механ – махан, морха – марха и. д1. кх. а.

**8**.Дешархоша далийтинчу г1алаташна юкъара даккхий а, кегий а г1алаташ къесто деза.

**Даккхий г1алаташ лору:**

1. Хьалхенца 1амийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу г1алаташ.

2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: х1аллакьхилла, меттахъхьайра.

3. Дешхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.

4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар (оху-охуна я охана, тоьгу-тоьгуна я тоьгана).

5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала:бохура я бахара, моьттура я моттара.

6. Кху кепара ц1ердешнийн яздар:дечиган я дечган, эчиган я аьчган.

7. Ц1ердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина т1еэцна йолчу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: г1уллакх я г1улкх, г1иллакх я г1илкх.

**Дешархочун балха т1ехь цхьамог1а (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш г1алаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга н яздарехь, доца шеконан элпаш (а,и,у) яздарехь**
**Комплексни талламан белхашкахь¸диктантах а¸т1едилларех а (фонетически¸лексически¸орфографически¸грамматически¸пунктуационни) лаьттачу¸ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен**

## Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5»дуьллу¸массо а т1едиллар нийса кхочушднехь;**
**«4»дуьллу¸т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;**
**«3»дуьллу¸болх ах я цул сов нийса бинехь;**
**«2»дуьллу¸болх эханал к1езиг бинехь;**
**«1»дуьллу¸цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.**

**Билгалдаккхар:**
**Орфографически а¸пунктуационни а г1алаташ¸т1едиллар кхочушдарехь дина долу¸диктантан мах хадош лору.**

**V-Vl классашкахь ечу талламан диктантийн мах хадор.**

**Диктант-**иза орфографех а¸пунктуацех а долу хаарш таллaран кеп ю.

Талламан дешнийн диктанто зоь кхета йолу орфограммаш.Иза хила йиш ю х1окху дешнийн барамехь;

5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош

Дешаран шеран 3-чийрикехь V-Vl классийн дешархошна лучу диктантан лучу гергарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:
V классана-80-90 дош
V1 классана 90-105 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**
Текст хоржуш,кху некъех пайдаэца беза:
1.Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а,х1инцалерачу литературни меттан лехамашца юьззина нийса йог1уш а хила еза.
2.Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза.К1еззиг лелош а,девзаш доцу а дешнаш доски т1е д1аяздо.
3.Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь,цу дешнийн нийсаяздар дешархоша 1амийна а дацахь,и дешнаш доски т1е д1аяздо.
4.Текст йоьшучу хьехархочо д1аешаар литературни нийса а,муха яздан деза,дешархошна д1а ца хоуьйтучу кепара а хила деза.Масала,к1айн,1ежиийн,халкъан бохучу дешнашкахь,литературни аларан норманашца цхаьана а дог1уш,чаккхенгара н ца олу.
5 l-чийрик чекхдаллалц(5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъехь;**
«5»дуьллу,цхьа а г1алат дацахь;
«4»дуьллу,1-2 г1алат хилахь;
«3»дуьллу,3-4 г1алат хилахь;
«2»дуьллу,7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1»дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.
Дешархоша кхочушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхаяккхарна а,1аморан а,талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.
Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьра йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах,массо а аг1о лоруш,шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву,г1алаташ а,церан масалла а тидаме эцна ца 1аш,кхочушбинчу белхан дикалла а,г1алатийн башхалла а тидаме эца.
Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехьдешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго еза.Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна,нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

## ll.Изложенийн мах хадор.

Сочинени а, изложени а язъяр дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) ю.
5-6 классашкахь сочинени, изложени язъяр д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкарщца дог1уш.

### Сочинени а, изложени а язъярехь толлу:

**1**.билгалйина тема схьаелла хаар;
**2**.темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
**3**.меттан барам а, нийсаяздаран бакъонаш а ларъяр.
Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсаяздарна а, сацаран хьаьркаш яхкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

**1.**болх темица бог1уш бу я бац;
**2.**тема кхачо йоллуш схьайиллина ю я яц;
**3.**чулацаман хиламийн рог1алла нийса ю я яц;
**4.**меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна я ца эцна;
**5.**къамелан кхачамбацарш ду я дац.

Нийсаяздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсаяздаран, сацаран хьаьркаш яхкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.

Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила еза.

## Изложенина текст харжа еза кху барамашкахь:

V-классана – 100-120 дош
VI- классана – 150-200 дош

## Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу. Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:

**1.«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, юьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаькккхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин я пунктуацин г1алат а дацахь.

**2.«4» дуьллу:**

а)нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн ерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

**3.«3» дуьллу:**

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а елахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а ялийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, ялханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

**4.«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь яккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а елахь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ялханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна юкъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка юьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

## II.Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;
И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:
**1)**дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
**2)**сочииненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар**.**

1. **«5»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;
аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.
2. **«4»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;
аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.
3. **«3»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;
аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.
4. **«2»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;
аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1ттийна¸ нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

# МХГ1Ф паспорт.

**Нохчийн мотт 5 класс.**

| **Рог1.№** | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Дата |
|---|---|---|
| **1.** | Талламан болх | 14.09.22 |
| **2.** | Талламан болх | 24.10.22 |
| **3.** | Сочинени | 17.11.22 |
| **4.** | Талламан болх | 19.12.22 |
| **5.** | Изложени | 19.01.23 |
| **6.** | Сочинени | 09.02.23 |
| **7.** | Изложени | 02.03.23 |

# Талламан

# Белхаш



# Фонд оценочных средств 5 класс

# МХГ1Ф паспорт.

**Нохчийн литература 5 класс.**

| | Тема | **Дата** |
|---|---|---|
| **1.** | Сочнени | **20.10.22** |
| **2.** | Сочинени | **22.12.22** |
| **3.** | Изложени | **29.12.22** |
| **4.** | Сочинени | **09.02.23** |
| **5.** | Изложени | **16.03.23** |

**Сочинени**

**«Сулимин хьуьнарш»**

Мацах цхьана хенахь,хийла зама хьалха цхьан къен к1ант Сулима араваьлла хилла. Ламанаш хедадеш,аренаш ша цоьстуш хийла зама идош лелла и,тем боцуш.Къоьлло к1елдитина,шен къена да-нана кхаба шен лаар дара цо юьхьарлаьцнарг.Шена бан болх лоьхуш къахьегар марзделла,майра и лийлира к1адвалар ц дезаш.Гена аренашка терко г1ум туьйсучу,цу теркан тог1ешка эрзалахь-эмкалаш,тог1ешкахь-реманаш.Раьг1нашкахь жа дежаш вара Сода вехаш.Г1олехь дерг ца карош,Содас хаза дуьйцуш Сулима т1еверзош бира барт ялхо веш…..

# Сочинени

## Зайнди

**Зайндин ворх1 шо дузуш цуьнан нана Бикату йелира. Цхьаъ бен воцуш цуьнан нанас хьоме лелош вара Зайнди. Дикка хан йаьккхира нана кхелхича Зайндис воьлхуш.Бикату йелла уьссалг1а бутт бузуш Зайндин Дас, Бисолтас зуда йалийра. Шина-кхаа баттахь дестечо к1еззиг г1иллакхаш леладира к1антаца. Шеца Аруха дика хир йу моьттуш, цунна дан г1уллакхаш ца кхочуьйтуш, дерриге бохург санна ша дора Зайндис. Арухина ша вина воцу Зайнди, дика г1уллакхаш деш, эсала велахь а, соввала волавелира.**

-Дестечо цхьа бахьана доцуш йеттара Зайндина. Дийнахь сарралц йаъах1ума ца луш меттиг йог1ура. Арухас маьхьарца Зайндина дов деш цхьана дийнахь Бисолта веана ц1а кхечира, амма вист д1а-м ца хилира.

-Йуьртахь йиллина йоккха ишкол йара. Зайндис ч1ог1а сатеснера школе ваха а, цигахь деша а. Цуьнан накъосташа Аруха ц1ера йаьлча и волчу бог1ий, цуьнца элпаш 1амош, киншкаш йоьшуш 1ара. Дешархоша шозза-кхузза совг1атна йелла киншкаш ц1ерга теснера Арухас. Шен киншкаш йагийначу дийнахь сарралц воьлхуш лиийлира Зайнди.

-Нана кхелхича Зайндин дахар хийцаделира, холчу хьоле делира. Арухина къа ца хетара нана а йелла висинчу Зайндех. Иза к1антаца къиза а, дера а йара.Цхьана дийнахь ша базара йахале дуккха г1уллакхаш дехкира Арухас Зайндина т1е (к1а малхехь дакъадар; куьйр лийсар; кертара ара а ца долуьйтуш, эса 1алашдар; жарж тосуш, котам-к1орнеш 1алашдар а.Амма доьхна деара и де. Г1ирг1ано д1адаьхьира шийтта к1орни, куьйра чуьра т1о охьа1енира.

**Зайндин ч1ог1а йишйуьйхира. Иза, шен коьртах ка а детташ.Вай, аса х1ун дан деза х1инца? – бохуш, шийлачу маьхьаьрца велха х1оьттира.**Г1уллакх эрчадаьллийла хууш, гуттар карзахволуш, воьлхура Зайнди. Делкъалт1аьхье хилира. Кертахула дежаш лелачу эсана бута а йоьлла, иза керт мел йу ида доладелира. Эххар, з1ара т1ехула а иккхина эвлайистехьа д1ахьаьдира эса а.Х1инца кертахь 1ен ваьхьаш вацара к1ант. Иза шена буьйса йаккха меттиг лаха эвлайистехьа д1ахьаьдира. Эвлайистехула охьадог1учу цхьана хин йистехь мангал хьаькхначохь дина литтанаш карийра цунна. Дукха вилхина, йиш а хаьлла, мацалла вала воллу Зайнди, цхьана литта йуккъе а воьлла, охьавижира.

-Арухас мохь хьоькхуш дов дора к1антана. Шена х1уьттаренна дина аьлла хеташ, йоккха г1аж буйна а лаьцна и лаха йахара, амма к1ант кара ца вира цунна.

-Арухан, Бисолтин лер-алар хилира. Арухас к1антана йетта йеза бохура Бисолте, амма Бисолта к1ант ц1а варе сатуьйсуш вара, йетта дагахь муххале а вацара.

-«Берат1орзанна т1е и совнаха г1уллакхаш ца дохкуш, хьайн г1уллакх айхьа динехь, х1умма а хир дацара»,- элира цо Арухе. Х1ара шиъ, суьйре йинчул т1аьхьа, д1адижира. И шиъ башха Зайнди лаха сингаттам болуш а дацара.**1уьйранна сатоссучу хенахь, эвлайистерчу шайн алах цхьа литта дан вахара Дадал. Дадал Зайндин доттаг1чун 1алболатан да вара. Цунна ша литта т1екхаьчча, йуккъехь, гулвелла хьаьрчина, вижина 1уьллуш Зайнди карийра.**

**Зайнди вижина 1уьллучуьра самаваккха къа а хетта, меллаша алаца локхарнаюккъе а хьарчийна, ги воьллира Дадала.**

**В кадре**: -Самаваьлла Зайнди велха х1оьттира. Цо дийцира, шен хилла бохам, шен ц1а ваха меттиг цахилар а.

-Дадала шайга вигира Зайнди. 1алболат хиллера селхана дуьйна шен доттаг1 Зайнди лоьхуш.

**Арухех ц1а ваха ца ваьхьаш, Зайнди Дадалг1аьргахь шен доттаг1чуьнца 1алболатца 1аш к1ира делира. Цхьана дийнахь 1алболатца, киншка а йоьшуш дитта к1ел хиъна 1аш, Зайндис элира:**

**-1алболат, со хьо д1авоьдуш хьоьца Михайловске деша вог1ур ву-кх, -аьлла.**

**-Ваг1ахь дера ву аса хьо д1а а оьцуьйтур, вайша ший а цхьаьна доьшуш а 1ийр ву. Т1аккха вайша цу дешаре, хазанеха санна, йорт а кхоьхьуьйтур йу хьуна! – аьлла, ч1ог1а резахилира 1алболат.**

-Бисолта кхин к1ант лаха ара ца велира, цунна хаьара иза Дадалг1аьргахь вуйла. Амма ца хаьара и 1алболатца деша ваха г1ерташ вуйла.

-Кхо бутт белира ши к1ант Михайловскехь доьшуш волуш. Бисолтг1арна хиъънера, Зайнди 1алболатца деша вахнийла.

-Боьалг1ачу баттахь Бисолтг1аьрга кехат кхечира Зайндигара. Лулара стаг валийна и кехат дешийтира Бисолтас.

-Зайндис, маршалла хаьттинчул т1аьхьа, йаздора ша дика доьшуш хилар а, ша кхин Арухина хьалха хьийзар цахилар а. Ша советан 1едало дика лелош хилар а билгалдаьккхира Зайндис.

-«Советан школо духучунна а, дуучунна а дика кхобуш, к1айчу меттахь вижош, дешар, йозий дика 1амош, кхиаво со», -йаздора цо.**Ишколехь т1ехдика доьшуш, хьехархошна а, дешархошна а дукхавезаш, дика дешархо хилира Зайндих. Ишколан куьйгалхоша, дика дешархо ву аьлла, цхьана шарахь кхузза совг1ат делира Зайндина. Зайнди дика дешархо хилар а, иза стогалла а йолуш кхуьуш хилар а, цунна совг1аташ далар а хиира Бисолтиний, Арухиний. «Ленинан некъ» газета т1ехь, шозза-кхузза бохург санна хестош вуьйцуш вара**

**Зайнди. Цу газето къаьсттина ч1ог1а тешам бира Бисолтиний, Арухиний шаьшшинна йуьртахь Зайндих лаьцна дуьйцу хабарш бакъдуйла хаа.**

-Аруха дохкойолу ша Зайндица вон хиларна, х1инца цунна а вара и хьашт. Ц1авар доьхуш кехат дохьуьйту цо Зайндига.Шега Арухера кехат кхаьчна, дукха ойланаш йира Зайндис, цо дуьхьал жоп йаздира: **«Ва, Аруха! Со тохарлера, хьуна новкъахетта Зайнди вац, соьга ц1а вола ма боху ахьа? Ма ч1ог1а совваьлла, йетташ, г1ело хьегийтира ахьа соьга! Делахь а, х1умма а дац, ца къуьйсур аса хьоьца! Ахьа соьца лелийна вон амалш аса хьоьца а лелийча, хьуна санна, вон г1иллакхаш 1емар дар-кха суна а. Ц1а бохий ахьа?Ваг1ур ву дера, айса аьхкенан ц1ахь боккху болу кхо бутт чекхбалале хьуний, Бисолтиний йоза-дешар 1амо-м»**

# Изложени

## Дика амал

**1.**Зудчун охьакхетар.
**2.**1умаран г1алат валар.
**3.**Мохьмадан оьхазвахар.
**4.**Йоккхачу стеган баркалла.
**5.**Хьехархочун къамел.
**6.**К1ентан кхетар.

1аьнан зама.Ша хьаьхначу арахь когаш перша.Хи дахьаш йог1а цхьа йоккха зуда.Гу т1е хьалайолуш галйолу иза.Когаш шершаш саца аца елла охьакхета зуда.И гира ша т1ехь ловзуш волчу Мохьмадний,1умарний.1умар,зудчунга а хьаьжна велавелира.Цунна оьхазваханчу Мохьмада элира:-"Эхь ца хета хьуна вела,-хьоь-х дешархо ву!"Т1аккха цо,зудчунна хьалаг1атта г1о а дина,ведарш юха дуза а дуьзна,уьш уьш ц1а даьхьира.
Зудчо резахиларца даггара баркалла элира Мохьмадна.Шолг1ачу дийнахь хьехархочо дика амалех лаьцна къамел дира.
Класс ладоьг1уш д1атийнера.
Хьехархочо дийцира Мохьмада селхана зудчун г1о лацарх.Зудчо кехат даийтина хиллера школе.
-Мохьмад  ц1ийвеллера,цул ц1ийвеллера селхан зудчух вийлина 1умар.
Эххар а хьехархочунна дош дийхира цо.Хьехархочо бакъо елира.Шегар а  даьлла  г1алат ма-дарра д1адийцира 1умара.Дешархошка а,Мохьмаде шена бехк ца биллар дийхира цо.

# Сочинени

# Кегий йийсарш

—1умар  Гайсултанов шен исбаьхьаллин произведенеш леррина берашна, кегийрхошна йазйечу йаздархойх хьалхарниг вара. Иза вина I920-чу шарахь Шелахь. Iумаран денана Себибат нохчийн барта дийцарш, туьйранаш хууш хилла. Жимачу Iумарна дуьйцуш хилла цо уьш. XIетахь нохчийн исбаьхьаллин даше бахана безам бу аьлла хетта шена литературе шен шовкъ кхоьллинарг, олура Гайсултанов Iумара.Йуьртара  школа чекхйаьккхинчул тIаьхьа, Грозненски  рабфаке деша вахна Гайсултанов Iумар.I94I–I943-чуй шерашкахь Сийлахь-боккхачу Даймехкан  тIамехь дакъа лоцу цо. Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь,  Киргизехь финансови органашкахь белхаш бина цо. Даймахка цIа вирзича, кхидIа а дешна: чекхйаьккхина Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институтан историн-филологин факультет.  I958-чу шарахь дуьйна хаддаза Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь дешаран киншкаш арахоьцучу отделехь лакхарчу редакторан белхаш дина.I959-чу шарахь арайолу Гайсултанов Iумаран дуьххьарлера книга “Болат-ГIала йожар”.Цуьнан произведеш: “Кавказан лаьмнашкахь”,“Сема лергаш”, “Керлачудахаре”“Тешаме доттагI” .Оцу произведенийн коьрта тема, берийн, кегийрхойн дахар дара, церан уьйраш, лехамаш бу авторан тидамехь.Масех лачдийцарш а юду Iумаран кхолларалехь. Царах ду «Барзо амал цахуьйцу», «Кхо стуй, борззий» цIерашйолу. Нохчийн Республикин тайнигин театрехь йеххачу хенахь кхиамца хIиттийна йаздархочун пьесаш:  «Турпал», «Лечарчий», «Дашо бIар», «Хьуьнхара цIа».I974-чу шарахь зорбане йаьлла Гайсултанов Iумаран, историехь хиллачийн буха тIехь йазйина  йолу повесть “Александр Чеченский”.  Исторически тема ойъу автора шен керлачу  произведенехь.«Кегий йийсарш»  оцу повестан цхьа дакъа ду, амма иза дийцар лара мегар ду, хIунда аьлча, дийцарехьсанна повестан декъехь турпалхочун дахаран кIеззигчу хиламех лаьцна дуьйцу цо. Дакъалоцурш    а дукха бац, ткъа и хиламаш йоццачу хенан гурашка берзийна бу.    Повестан декъа тIехь буьйцург шайх Мансур коьртехь волуш.Нохчаша шайн маршонехьа Россин паччахьан эскарца дIахьош болу къийсам бу. Оьрсийн паччахьан эскаро   БухIан-Йурт йохош церан каравахана жима кIант Iали.

**«Кегий йийсарш» Повестан дакъа довзуьтур ду вай шуна.**

Йаздархочо шен  «Кегий йийсарш»  декъа тIехь цу заман дахаран къеггина долу сурт хIоттийна. Бовхачу безамца кхоьллина авторо коьртачу турпалхочун васт. И ву жимачохь нана  а кхелхина,  да кест-кеста бIоца тIаме а воьдий, гергара кхин цхьа а стаг воцуш, лулахочо Асмаа,  йуъучуьнца-молучуьнца тергойеш волу  жима Iали.Иштта Iалин доттагI, цул ши шо жима,  Асмаан кIант Хьасин. Дийнна де шина беро хи тIехь луьйчуш йа бешахь долчу комаран дитта тIехь доккхура, дитта тIе валардихкина доллушехь. (Нанас дов дора, кIант дитта тIера

охьакхетарна кхоьруш). Амма цамагош долу хIума марзлуш хуьлу.Маьрша йацара зама. Иштта хIара шиъ комаран дитта тIехь Iаш, цIаьххьана оьрсийн бIо тIелета йуьртана.

*..Сихйина йуьйлура тоьпаш, декара «ура», йеттара вота…*

***ЦIераш тийса йолийра эвларчу цIенойх маьI-маьIIехь.***Повестан декъа тIехь вайна го оьрсийн цхьаболчу салташкахь къизаллийца цхьаьна къинхетам хилар а.Мироныч Iали тIехь волчу дитта тIе вахара…Липат Иванович вукху дитта тIе вахара. Хьалакхевдинчу цо Хьасин схьалецира, ларвеш охьаваькххира. Хецна воьлхучу йуьхь тIера хиш, хьалха охьа а лахвелла, куьгхьаькхна дIадехира цо. Хьоьстуш бохура:

-Ма велха, жиманиг. ХIумма а дийрдац хьуна. Хьоьца беш баций и тIом.

-Ши кIант жима велахь а, авторо церан амалш гойту цу шиммо дечуьнца. Оьрсийн салташна каравахале а, йийсарш хуьлуш а, хиллачул тIаьхьа а шина кIанта дийригдуьстича, вайна доьналлица, майраллица къаьста Iали. Цунна тоьшалла ду оьрсийн салтичо Мироныча цунах лаьцна олуш дерг:

— И Iаьржаниг чIогIа майра кIант ву. Кара цаван, дитта буьххье хьалавелира, дуткъачу гатIехь лестара. И шен жима накъост воьлхуш цахиллехьара, караван дагахь а вацара.Дитта тIера охьавоьссича, жимачун куьг а лаьцна, ведира иза. Ткъа тIаьхьа а кхиъна аса схьалаьцча, сан пхьаьрсах цергаш йоьхкира…**Оьрсийн кара воьду ши кIант, амма йаздархочо коьрта тидам Iалина тIе бохуьйту. Ша жима велахь а, мостагIашна хьалха бIо ца къажош, къарвала цатуьгуш, майра хиларца билгалволу и.**

Оцу хенахь керта балийра кхин йийсарш. Мансуран бIоца тIом хиллачохь карабалийна бара уьш…Берашна йуккъера схьа а оьккхуш, йийсарх хьаьрчира кIант:

— Жума! –мохь а болуш.

-Ой, -олуш, воьхна кIентан коьрта тIе могаш куьг диллира Жумас.Цхьа салти и шиъ дIасакъасто вуьйлира. Тоьпан бух Iуьттуш, кIанте элира цо:

-Мегар дац. Йухавала!Йуха а хьаьжна, буйнаш къевлира кIанта. БIаьргаш оьгIазе догура:

-Ма Iитта тоьпан бух, -элира цо.Раевский йукъавуьйлира, хьалххе дуьйна кIанте безам бахана волу. Гергара вуй аьлла, хаттийтира цо Жумега. Жумас жоп делира:

-Вац. Цхьана эвлара ву. Кхуьнан да селхана тIамехь вийна. Да а, нана а доцуш бо ду хIара хIинца.Дех лаьцна аьлларг хезначу кIентан бIаьргех охьахаьвдира мела хиш.Гуш дара и сатоха гIерташ хилар, амма цалабаллал беза бара тIебеана бала. Когаш тIе охьа а лахвелла, куьйгашца дIахьулйира кIанта йуьхь.Белшаш йегайора.

Майралла чIогIа лоруш, ша а хIуманна бIо къажор боцуш хиларна и кIант везавеллера Раевскийна, майра тIемало хир ву цунах аьлла, сацийра. Цундела дара цо и харжар.Иза кхетош-кхиор шена тIелоцу Раевскийс, хьалькамашка дехар а дой.Николай Николаевич Раевский ша а историехь йоккха лар йитина турпалхо ву.Раевскийс туьллу цунна Александр цIе а, дуьненна а вевзаш волу полководец Александр Македонский санна, гIараваьлла тIемало и хиларе дог дохуш.КIантана цIе хIун туьллур йара-те бохуш, ойла йора Раевскийс. Хийла цIераш дагайаьхкира, амма цхьа а тIе ца ийцира. КIантана кхета аттаниг, дагахь лаьттайерг лоьхура. «Iали, Iали, хIун цIе туьллур ЙАра хьуна?-бохура цо ша-шега йух-йуха. ЦIаьххьана нур даьгча санна, коьрта чу хьевзира. –Ой, аса лелориг хIун ду? ЦIе-м цуьнан шен а йолуш ма йу-Iали. И оьрсийн маттахь йаьккхичахьана, чекх ма долу дерриг а, Александр. Хаза цIе а йу. Македонскийн а ма хилла цIе Александр. ХIара а хир ву, суна хIума хаахь, гIараваьлла тIемало»…

-Александр Николаевич Чеченский ву хьо!Иштта йеха шен цIе йаккхарх дозалла дира кIанта. Тайра цунна шена тиллина цIе.Росси дIавигначултIаьхьа, РаевскигIеран доьзалехь хьалакхиъна Iали. ТIеман гIуллакхашкахь шегара хьуьнарш, доьналла а гайтарна дуккха а совгIаташ дарца а, мидалш йаларца а билгалваьлла хилла иза, инарла-майоран дарже а кхочу и тIаьххьара.

# Иложени

## Къонахалла

Къонахчун амалехь ца хилча ца долуш хӀума ду – шен дош лардар. Дешан да хилар бохург дош шалха цадалар, иза кхочушдар бохург ду. Цкъа делла дош юхаэца йиш яц къонахчун, хӀунда аьлча, дош ца лардинчу стеган къонахалла шеконе йолу тӀаккха, цунах болу тешам жимло, цуьнга болу ларам а байло. Цундела ду къонахчунна ша делла дош лардар сел сийлахь а, деза а. Мел хала шена делахь а, дош кхочуш ца дича ца волу бакъволу къонах.
Халонаш тӀехӀиттича, шен даша тӀера стаг волуш велахь, иза къонах вац. Ишттачу стагаца юкъаметтиг хила нахана луур дац..
Тахана къаьсттина дукха нисло стага шен дош дохош, цу тӀера юхаволуш меттиг. Хала хеташ делахь а, вайн заманахь хуьлуш хӀуманаш ду уьш. Масала, дика лелаш воцчу жимачу стага дош ло шен гергарчарна, ша кхин айпе хӀуманаш лелор дац олий. Амма иблисан хазачу зурманах Ӏеха а лой, юха а вочу новкъа тӀе волу иза. Ткъа цу некъан чаккхе дика ца хуьлу – цо галваьлларг жоьжахатин цӀерга кхачаво. Иштта тӀаьхьало хуьлу делла дош лар ца дича.
Дош даларан а ду шен некъаш. Хьайга далур доцу гӀуллакх, дийр ду аьлла, тӀелацар сонта хӀума ду. Ницкъ цакхочург дийр ду алар стеган хьекъал цакхачар я иза шех тӀех сов бӀобулуш хилар ду, шен бакъдолу хьал а ца хууш. Сихвелла делла дош а, сихаллехь дина гӀуллакх а тӀаьхьало йолуш ца хуьлу. Ишттачу хӀумано стаг юьхьӀаьржачу хӀоттаво. Цуьнгара яьлла цхьайолу ледарло велла дӀаваллалц, эхьан томмагӀа хуьлий, тӀехь юьсу, нагахь дош дохийна я дечу хӀуманан ойла ца еш цо иза ялийтинехь. Муьлхха а ледарло ларамза, хьан синкхетам ца кхочуш яла а тарло. И санна долчунна-м, хьан бехк боций хиъча, уллерачара гечдо. Иштганиг хьахош а, дуьйцуш а ца хуьлу – берриге а и ледарло сиха йицъялийта гӀерташ хуьлу. Оцу хӀуманна тӀехь а гучудолу нохчийн оьзда гӀиллакх – стеган бехк бацахь, цунна гечдар а, цунна тамехь доцу хӀума хьеха ца дар а.
Вайн дайша чӀогӀа лардина халкъан гӀиллакхаш, шайн схьадовлар а, лелор а оьздачу буха тӀехь хилла долу. Дош далар а, иза лардар а ма ду нохчийн гӀиллакхашна юккъехь коьртачех цхьаъ. Цу гӀиллакхо ходош ма бу къонахчун мах. Хало а Ӏаьвшина, шен дош лардинарг гуттар а хилла сийлахь халкъалахь.
Вайна юкъахь олуш ду, гӀиллакх, оьздангалла, яхь, дешан да хилар ворххӀе а дегара схьадогӀуш ду. Иштта дан а ду иза. Дера, шайн оьзда, яхь йолуш дай хиллачара церан цӀе йожор ма яц, нагахь шаьш жимма а церан сий а деш, уьш лара а лоруш, царах дозалла а деш Ӏаш белахь. Вайн дайша шайн хаза, оьзда, гӀиллакхехь леларца дахарехь дӀадаха некъ битина вайна. Вайн декхар хӀун ду? Церан сий лардар, церан цӀе ца йожор, церан иэсана хьакъ хилар. Мел хала хӀума дац вайгара оьшуш дерг: оьзда лелар, гӀиллакхах ца вохар, хьо хьанах схьаваьлла, мила ву хаар, ледарло ларх ларвалар.
Нахана юкъахь дош дӀа а лелаш, ларам а болуш деда я да шен доьзалехь волчу жимачу стагана мел атта ду дахарехь. Цаьргара масал схьаэцчахьана ма ваьлла иза. Цуьнан дай наха лоруш хилча, хӀара ша а лорур ву цара, дайн сий а ца дойуш, церан цӀе а ларъеш, схьавогӀуш велахь. Кхуьнан дашах а тешар бу, хӀунда аьлча, хӀара оьздачу нахах схьаваьлла ву, шайн дош дош долчу къонахех. Дайша некъ битина кхунна, иза дӀакхехьа стаг хӀара хилчхьана. ТӀекхуьучу тӀаьхьенаша къаьсттина тидаме эца дезаш хӀума ду иза: дайн сий лардар, церан сийлахь цӀе ца йожор. Иштта цу тӀехь лаьтташ ма ю вайн нохчийн вад, цунах хуьлуш ма бу нохчалла боху кхетам а. Вай ца гӀерта вешан къам массарал а тоьлуш ду ала. Дала адамаш цхьабосса кхоьллина, беснашца бен башхо йоцуш.
Цхьа къам вукхул тоьлуш ду алар нийса хир дац. Делахь а, меттанашца, Ӏер-дахарца, дахаран хьелашца, ламасташца, исторехь нисбеллачу хиламашца вай вовшех къаьсташ ду. Амма адамашна юккъехь лелаш долу, Дала делла гӀиллакхаш массо а къаьмнийн цхьаьнадогӀуш ду: вовшийн дезар, ларар, къинхетам хилар, гӀо-накъосталла дан
кийча хилар.
Вайн къомана юкъахь гуттар а лелла долу ламасташ, гӀиллакхаш лардар вайн коьрта декхар ду, хӀунда аьлча, царна тӀехь лаьттина ду вайн халкъан дахар.

# Фонд оценочных средств 6 класс

# МХГ1Ф паспорт.

**Нохчийн мотт5 класс.**

| | Тема | **Дата** |
|---|---|---|
| **1.** | Изложени | **21.09.22** |
| **2.** | Изложени | **12.10.22** |
| **3.** | Сочинени | **24.10.22** |

# Сочинени

# Нана

Нана уггаре ч1ог1а хаза а, деза дош ду. Сун ч1ог1дукх ез сайн нана, хоранне а еза шен нана. Ненан когаш къелахь ю ялсмане, олуш ду. Вай ларо ез, вай алаш я ез нана. Вай кигий долш вай лелин цо, буьйсан наб ца яш, юаг шен ца юууш вайн яош, вай кога хоттийна цо. Вай кхоьллин волу Аллаха аьлла: уггаре дукха нана ез йез, долг а нана ез йез, кхоолг1а а нана ез йез т1акха да вез вез.Дал лар бойл вайн наной, Дала цер г1о ма гойтийл вайн**.** Адамийн дахарехь уггаре хьоме адам , иза нана ю . Ненан марзоне х1умма а кхочур дац. Ненаца хуьлу-кх хьан дерриге а хазахетарш а .халахетарш. Цуьнца доьзна ду-кх адамийн дахар. Беро шен а дуьххьара мотт 1емаш олу «нана» боху дош. Оцу ненера д1адолало адамехь долу дерриге а дика г1иллакхаш. Цу нанас жимчохь дуьйна хьехарш деш диканиг а , вониг а къасто 1амош волу-кх стаг шеен дахаран новкъа т1е. Кху дуьненчохь цхьа а безам бац ненан безаме кхочуш. Ненан багара долу угг аре а мерза ,хаза ,к1еда дош. Шен хазчу дашца муьлхха бала , г1айг1а д1аэца хаьа цунна. Нана йолчу доьду адам шена т1е цхьа сингаттам беъча. Нанас дог оьций ,дог хьостий хьан г1айг1а йиций. Иштта хьуна дагавала ,хьекъал далая хьехар оьшучу меттехь цо йо хьуна парг1ато. Нанас цкъа а вониг эр дац. Жимчохь цо дина хьехарш, делла хьекъалш хьо воккха хилча царех пайда оьцуш веха стаг. Цул совнаха оцу нанас латтайо доьзалехь марзо , безам, барт.Цо 1амадо йиша-ваша дезар, царна г1о дар. Шен доьзал мел боккха белахь а массо берана тидам беш, массеран а дог хьостуш шен безам д1алуш кхиабо уьш нанас. Шена мел хало хиларх к1адъяларх дагара ца хоуьйтуш кога х1оттабо нанас шен доьзал.Нанас х1ора шен берана дагчу дуьллу-кх адам дезар, иза ларар ,г1ийлачунна г1о дар ,нийсачу новкъа т1ехь вахар. Иштта хьарамниг , хьаналниг къастор, Дела везар, ламаз марха деш, динчохь ч1аг1вар и дерриге нанас шегара д1ало шен доьзале.Вай Элчано (Делера салам маршала хуьлда цунна) аьлла-кх: «Уггаре а хьалха адамо дуьненчохь ларавезарг мила ву аьлла ,хьаттича , шен нана ю-кх.» Х1унда аьлча и бер кхиош ,1амош буьйсанна наб яр доцуш и техкош ерриге а хало ловш ерг нана ю. Цундела дино и еза лаьрра. Шен ненан сий дан деза,иза ларар ,цуьнан г1уллакхе хьажар вайна т1ехь ду. Оцу нанна хьалха долчу декхарх вай цкъа а девр дац.

Изложени

Ченан бекхам

Ц1ийелла лаьттара малхбузе,чубуза кечбелла дашо малх а.Иза дика гора лекхачу гу т1ехь 1ачу таллархошна.Шаьш лецначу акхагезарех сакъераделлачу цара даккхий къамелаш дора.Хабарш совцийна ц1еххьана гинчу тамашенчу х1умано.Т1аьхьарчу когаш т1е а х1уттий,ойббе яьшка мара а юллий,хьой  иза хи чу 1уттура.Т1аккха и вовшах йоккхий, цхьана х1уманна корта ластабора.Дикка 1ийра таллархой цунах ца кхеташ.И х1ун ду хьовса х1оршт т1ебуьйлабелча,кхераелла ча д1аедира.Топ схьаэца кхиале,хьуьнна юккъехь къайлаелира ча.Т1ебахна хаьвсича, кхарна гира чано йохийна накхаран мозийн яьшканаш.Цо лестийна корта,чуьрачу мозашна лестийна хилла.Иза дийна д1аяхар ч1ог1а новкъа деана, таллархой ойлане хилира.Инзаре бевлира уьш,1уьйранна шаьш хьалаг1евттича.Мел ч1ог1а лехарх ца карийра царна шаьш дечига т1е оьхкина жижиган чархаш.Оцу буса еанчу чано уьш ерриш а д1аяьхьнера.Иза дара таллархоша шина -кхаа дийнахь хьегна къа.Т1аккха таллархошна хиира,чано шена динчунна дуьхьал бекхам бинийла.

План

1. Самукъадаьлла таллархой

2.Тамашена х1ума

3. Кхераелла ча д1аедира

4.Чано дийкхира шена динарг

Изложени «Наж»

Иштта стомма г1ад а, шуьйра баьржина бух а болуш даккхий дитташ дукха ца хуьлу. Хьуьнан белхан говзанчаша цуьнан барх1 б1е шо хир ду олура. Ялх-ворх1 стага куьйгаш лаьцна го бича, мара тарлора иза.

Къена белахь а, цунах рицкъ долуш дукха акхарой хуьлура… Цуьнан нежнаш дуура черчаша, тарсалша, ч1ег1аргаша. Ножан г1одаюккъехь йоккха херо яра.

Цхьана дийнахь ворданахь дечиге ваханчу Доча-Борзерчу Жамалайлина хааделира оцу ножан хари чохь цхьаммо ц1е латийна хилар. Чу а воьссина, хьаьжира иза. Дуккха а дечиган к1ора бара чохь. Чухула аг1ор г1ад ч1ог1а даьгнера. Иштта битича, наж бакъабала кхерам бара.

Шолг1ачу дийнахь гаммий, беллий эцна, ворданахь вухавахара Жамалайла. Хари чу а ваьлла, белаца к1ора аратесира цо. Оцу к1орано ворданан ц1а хьаладуьзира. Т1аккха гам хьокхуш, ножан чухулара г1ад ц1андан волавелира иза. Юьхь, дег1 к1урзех дуьзнера. Хьацаро вашийнера. Амма хари чоь а, пенаш кхоччуш д1ац1андира цо. К1оранах ворда йоьттира Жамалайлас.

Туьйранахь вуьйцу 1аьржа-Хожех тарвелла Жамалайла ц1а веача, ц1еранаш а, лулахой а ч1ог1а цецбевллера. Цо дийцира ша динарг.

Жамалайлас лоьралла лелор бахьана долуш, наж бакъа ца белира

План:

1. Къена наж.

2. Ножан пайда.

3. Жамалайлина гинарг.

4. Ножан херо ц1анъяр

5.Наж дийна бисна.